

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Maca, nulis, ngaregepkeun jeung nyarita mangrupa hiji beungkeutan aspék kaparigelan basa. Aspék kaparigelan basa mangrupa aspék penting nu kudu dicangking ku murid pikeun ngahasilkeun prosés diajaran ngajar nu aktif jeung kréatif.

Tujuan pangajaran kaparigelan basa, dina ieu hal pangajaran Basa Sunda di SMP di antarana sangkan murid ngawasa opat kaparigelan basa sarta dipihareup bisa ngahasilkeum karya-karya hasil kréatif tina salasahiji aspék kaparigelan basa. Numutkeun Tarigan (1982:1) kaparigelan nulis mangrupa salasahiji tina opat kaparigelan basa nu geus disebut.

Numutkeun Tarigan (1983:1) kaparigelan nulis bisa dipibanda jeung dicangkem ku jalan prakték jeung latihan. Nulis mangrupa prosés aktif jeung kréatif nu kudu diwangun dina diri siswa. Ku jalan nulis prosés aktif pikeun mikir sarta ngahasilkeun karya-karya nu kréatif tina hasil pamikiran dumasar fakta-fakta nu kareungeu ku pangdénéngé atawa diwangun ku imajinasi-imajinasi nu

ngagambarkeun pikiran sarta rasa nu dialaman atanapi nu diciptakeun ku pikiran siswa sorangan.

Dina pangajaran Basa Sunda di sakola, nulis mangrupa kaparigelan basa nu ngawengku sababaraha kompetensi dasar. Salasahijina kompetensi dasar nulis éséy. Hal ieu kauggel dina Pedoman Pengembangan KBK 2004 jeung KTSP (Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan) mata pelajaran Basa Daérah nya éta pangajaran nulis éséy kelas VIII semester 2.

Pangajaran nulis di SMP mangrupa salasahiji widang studi anu kurang dipikaresep ku siswa sabab dina nulis siswa hese ngebrehkeun idé jeung kecap-kecap anu vareatif sarta merenah dina karangan, lian ti éta dina nulis karangan kudu ngagunakeun éjahan jeung tata basa, anu balukarna muncul anggapan yén nulis téh mangrupa salasahiji palajaran anu kawilang kurang peminatna. Hal ieu dilantarankeun kurangna kaparigelan kabasaan siswa, kurangna pangaweruh ngeunaan kaedah-kaedah nulis sarta kurangna kasadaran siswa kana pentingna nulis.

Dina prak-prakan nulis, siswa masih merlukeun tahapan-tahapan anu tangtu pikeun ngahasilkeun tulisan nu hadé, katambah minat sarta kasadaran siswa pikeun nulis masih kurang, balukarna kaparigelan nulis ku siswa sok dianggap pangajaran nu hésé.

Pikeun ngungkulan masalah di luhur, salasahiji tarekah nya éta ngagunakeun média gambar anu hadé. Anggapan yén nulis mangrupa pangajaran nu hésé ku siswa, pangajaran nulis kudu disuguhkeun sacara variatif, salasahijina nya éta ngagunakeun alat bantu atawa sarana, nu disebut média.

Milih média penting pisan pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis karangan éséy. Salasa hiji média anu bisa méré sumanget jeung daya kréatif pikeun siswa dina nulis karangan nya éta média gambar. Gambar nu ditalungtik nya éta gambar fotografi anu dipikawanoh dina tiap kagiatan pangajaran, sabab gambarna nu basajan. Sudjana (2007:70) nétélakeun yén gambar fotografi dina enas-enasna ngabantu pikeun méré dorongan ka siswa sangkan bisa ngahudang minat siswa kana pangajaran.

Luyu jeung pamadegan-pamadegan sarta masalah-masalah nu geus dijéntrékeun di luhur, perlu diayakeun panalungtikan anu judulna, **Kamampuh Nulis Éséy Ngagunakeun Média Gambar Siswa Kelas VIII SMPN 3 Lembang Taun Ajaran 2007-2008.**

1.2 Watesan Masalah jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah, ieu panalungtikan baris medar kamampuh nulis éséy ngagunakeun média gambar kelas VIII SMPN 3 Lembang. Masalah dina ieu panalungtikan diwatesanan, pedaran ngawengku: 1) kualitas jeung lingkup eusi, 2) organisasi jeung keterampilan eusi, 3) gaya basa, 4) wangun gramatikal, 5) éjahan, jeung 6) karapihan tulisan

1.2.2 Rumusan Masalah

Identifikasi masalah penting pisan sabab hasilna bisa jadi panalungtikan pikeun léngkah-léngkah panalungtikan nu saterusna. Rumusan masalan nu ditepikeun dina wangun patalékan saperti ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh siswa kelas VIII dina nyieun karangan éséy antara pratés jeung pascaté ngagunakeun média gambar?
- b. Sabaraha bedana tingkat kamampuh nulis karangan éséy siswa kelas VIII pratés jeung pascaté?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung kasang tukang katut rumusan masalah nu geus diebrehkeun, tujuan panalungtikan teh nya éta pikeun ngadeskripsikeun:

- a. Kamampuh siswa kelas VIII nyieun karangan éséy saacan jeung saenggeus ngagunakeun média gambar.
- b. Sabaraha bédana tingkat kamampuh nulis karangan éséy siswa kelas VIII saacan jeung sanggeus digunakeuna média gambar.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ku diayakeun ieu panalungtikan, aya sababaraha mangpaat nu hayang dihontal, di antarana waé:

1. Mangfaat pikeun guru

Hususna guru bahasa Sunda dipikahareup nambahan pangaweruh dina milih media panajaran hususna media gambar dina pangajaran nulis

karangan éséy, sarta mikanyaho kumaha kamampuh siswa dina nulis éséy sabada digunakeun média gambar.

2. Mangfaat pikeun murid

Murid bisa mikanyaho mangfaat média gambar dina kagiatan nulis karangan éséy nepi ka minat jeung rasa sumanget maranehna bisa leuwih ditingkatkeun kamampuh nu utamana dina kaparigelan nulis karangan éséy.

3. Mangfaat pikeun panalungtik

Dilaksanakeunana panalungtikan ieu, bisa dikanyaho kamampuh murid dina kagiatan ngarang éséy samemeh jeung sanggeus digunakeun média gambar.

4. Mangfaat pikeun nu maca.

Hasil panalungtikan ieu dipikaharep bisa ngabeungharan wawasan jeung pangaweruh, hususna ngeunaan mangfaat média gambar dina pangajaran nulis karangan éséy.

1.5 Anggapan Dasar

Anggapan dasar panalungtikan ditulis di handap ieu:

1. Nulis mangrupa salasahiji tina opat kaparigelan basa nu diajarkeun di sakola.
2. Pangajaran nulis éséy kelas VIII kauggel dina Pedoman KBK 2004 jeung KTSP.

3. Gambar mangrupa salasahiji média pikeun pendidikan nu bisa digunakeun dina pangajaran nulis.
4. Kamampuh nulis siswa bisa dipibanda ngaliwatan latihan jeung bimbingan.

1.6 Wangenan Operasional

Sangkan teu nimbulkeun rupa-rupa tafsiran, perlu dipidangkeun wangenan istilah-istilah anu kauger dina judul panalungtikan, nya éta :

- a. Kamampuh, dina panalungtikan ieu nya éta kamampuh siswa kelas VIII SMPN 3 Lembang dina nulis karangan éséy ngagunakeun média gambar.
- b. Nulis, anu dimaksud dina panalungtikan ieu nya éta kagiatan ngarang éséy ngagunakeun média gambar di kelas VIII SMPN 3 Lembang.
- c. Karangan éséy, dina panalungtikan ieu nya éta hasil kagiatan ngarang siswa kelas VIII SMPN 3 Lembang anu ngagunakeun média gambar salaku média dina kagiatan ngarang.
- d. Media gambar, nya éta alat atawa sarana anu bisa digunakeun salaku conto dina ngungkara keun hiji kaaayaan atawa objek dina pangajaran nulis. Patalina jeung panalungtikan didieu, média gambar digunakeun dina pangajaran nulis éséy sangkan bisa ningkatkeun kamampuh siswa dina nulis.
- e. Siswa, dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VIII SMPN 3 Lembang anu dijadikeun objek. Sarana pikeun meunangkeun data ngeunaan kamampuh anu dipimilik ku manehna, hususna dina nulis éséy.

Dumasar kana pedaran operasional di sluhur, anu dimaksud kamampuh nulis éséy dina ieu panalungtikan téh nya éta kamampuh pikeun ngébréhkeun pamadegan atawa pikiran dumasar kayataan sacara tinulis ditilik tina aspék basana, eusina, sarta téhnik nulisna pikeun ngajembaran sarta mangaruhan ka nu maca.

1.7 Hipotésis

Panalungtikan ieu ngagunakeun hipotesis alternatif nya éta:

H_0 : Média gambar teu bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan éséy siswa kelas VIII SMPN 3 Lembang.

H_a : Média gambar bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan éséy siswa kelas VIII SMPN 3 Lembang.

